दिन–रविवार                                                                दिनांक–20.10.2024

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ                                        अवधिः–05 मिनट

---

बिहार मे विधानसभाक चारि सीट–तरारी, बेलागंज, इमामगंज आ रामगढ़ मे उप चुनाव के लऽकऽ महागठबंधन अपन प्रत्याशी लोकनिक नामक घोषण कऽ देलक अछि। राष्ट्रीय जनता दल रामगढ़ सँ अजीत कुमार सिंह, इमामगंज सँ रौशन कुमार मांझी आ बेलागंज सीट सँ विश्वनाथ कुमार सिंह के पार्टी अपन उम्मीदवार घोषित कयलक अछि। जखनकि सीपीआई माले तरारी सीट सँ राजू यादव के उम्मीदवार बनेबाक निर्णय कयलक अछि। एम्हर, भाजपा के बाद जनता दल यूनाईटेड सेहो बेलागंज सँ उम्मीदवारक नामक घोषणा कऽ देलक अछि। एतऽ सँ पूर्व विधान पार्षद मनोरमा देवी चुनाव लड़तीक। काल्हि भाजपा तरारी आ रामगढ़ सीट सँ अपन प्रत्याशी के नामक घोषणा कयने छल। ओतहि, इमामगंज सीट सँ हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चा के दीपा मांझी चुनाव लड़तीह। राज्यक उप चुनाववला चारू सीट पर नामांकनक प्रक्रिया चलि रहल अछि। नामांकनक अंतिम तिथि पच्चीस अक्टूबर धरि निर्धारित अछि। अट्ठाईस अक्टूबर के नामांकन पत्र सभक जाँच कयल जायत। जखनकि मतदान तेरह नवम्बर के होयत। उप चुनाव के लऽकऽ आइ एनडीए घटक दल सभक बैसक भेल। बैसक के अध्यक्षता उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कयलनि। बैसक मे भाजपा, जनता दल यूनाईटेड, लोक जनशक्ति पार्टी रामविलास, हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चा के प्रतिनिधि लोकनि सम्मिलित भेलाह। बैसक के बाद संवाददाता लोकनि सँ वार्ता करैत भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष डॉक्टर दिलीप जायसवाल कहलनि जे एहि बैसक मे सभ चारू सीट पर जीत के लेल रणनीति पर चर्चा कयल गेल।

---

जदयूक वरिष्ठ नेता आ जल संसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी कहलनि अछि जे बिहारक चारि विधानसभा सीट पर भऽ रहल उप चुनाव मे एनडीए गठबंधन के उम्मीदवार जीत हासिल करताह। श्री चौधरी आइ समस्तीपुर मे पत्रकार लोकनि सँ गपशप करैत कहलनि जे केन्द्र आ राज्य सरकार द्वारा कयल जा रहल विकास काज आ वर्तमान वातावरण

सँ स्पष्ट अछि जे एहि चारू सीट पर एनडीए गठबंधनक प्रत्याशी लोकनिक जीत सुनिश्चित अछि।

———————————————————————————

प्रदेश मे विगत दिन आयल बाढ़ि सँ भेल नोकसानक आकलन करबाक लेल एक उच्च सतरीय अंतर मंत्रालयी टीम तीन दिवसीय दौरा पर आइ सांझ पटना पहुंचत। सात सदस्यीय टीमक नेतृत्व गृह मंत्रालयक संयुक्त सचिव पार्थ सारथी कऽ रहल छथि। राज्यक आपदा प्रबंधन मंत्री संतोष कुमार सुमन जनौलनि जे टीम आइ आ काल्हि प्रभावित क्षेत्रक दौरा करत। एकर अलावे बाईस अक्टूबर के ई दल राज्यक अधिकारी लोकनिक संग बैसक करत। बैसक मे बाढ़िक कारण भेल नोकसान के लऽकऽ विभिन्न विभागक अधिकारी लोकनि अपन विचार राखताह। ओ कहलनि जे तटबंध, सड़क, इमारत, फसिल आ बिजली आपूर्ति लाईन सभ के भेल भारी नोकसान के देखैत राज्य सरकार केन्द्र सँ तीन हजार छओ सय अड़तीस करोड़ टाका के राहत आ मददि के मांग कयलक अछि। श्री सुमन कहलनि जे एहि सहायता के उपयोग बाढ़ि क्षतिपूर्ति, फसिल क्षति मोआवजा प्रदान करब आ बाढ़िक दरमियान ध्वस्त भेल आन संरचना सभ के पुनः स्थापित करबाक लेल कयल जायत। विदित अछि जे एहि वर्ष अगस्त आ सितम्बर मास मे लगभग तीस जिला बाढ़ि सँ प्रभावित भेल छल। गंडक आ कोसी नदी के जलस्तर मे भारी वृद्धि के कारण उत्तर बिहार मे व्यापक क्षति भेल छल।

———————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ दरभंगा एयरपोर्टक नव सिविल इनक्लेवक वीडियों कॉन्फ्रेंसक माध्यम सँ शिलान्यास कयलनि। ओ वाराणसी मे आयोजित एक कार्यक्रम मे समारोह स्थल सँ शिलान्यास काजक शुभारम्भ कयलनि। नओ सय बारह करोड़ टाका के लागति सँ बनऽबला एहि नव सिविल इनक्लेव सँ एतऽ यात्री सभ के सुविधा बढि जायत। एहि अवसर पर दरभंगा एयरपोर्ट पर एक समारोहक आयोजन कयल गेल। जाहि मे राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा, स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडे, अति पिछड़ा कल्याण वर्गक मंत्री हरि सहनी आ दरभंगाक सांसद गोपालजी ठाकुर सहित कतेको गणमान्य लोकनि उपस्थित छलाह। ओतहि, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ पूर्व मंत्री संजय झा पटना मे वीडियों कॉन्फ्रेंसक माध्यम सँ एहि कार्यक्रम मे सम्मिलित भेलाह।

———————————————————————————

प्रदेश मे मौसम शुष्क बनल अछि। मौसम विभाग कहलक अछि जे पच्चीस अक्टूबर सँ राज्यक कतेको हिस्सा मे वर्षा हेबाक संभावना अछि।

———————————————————————————

आबऽबला पावनि–तिहार के देखैत उत्तरी आ पूर्वी राज्य सभक यात्रा करऽबला यात्री लोकनिक भारी भीड़ के देखैत मध्य रेलवे मुम्बई, पुणे आ नागपुर सहित महाराष्ट्रक विभिन्न स्थान सँ कुल पाँच सय सत्तरि विशेष रेलगाड़ी चलेबाक घोषणा कयलक अछि।

———————————————————————————

पटना–लोकमान्य तिलक एक्सप्रेस ट्रेन मे काल्हि राति अपराधी सभ यात्री लोकनि सँ लूटपाट कयलक। विरोध करबा पर अपराधी सभ दू राउंड फायरिंग कयलक। जाहि म एक गोटे घायल भऽ गेलाह।

————————————————————————

सीतामढ़ी जिलाक सोनबरसा मे आइ भोरे अज्ञात अपराधी सभ एक गैस एजेंसी के संचालक के गोली मारि कऽ घायल कऽ देलक। घायल संचालक दीपनारायण महतो के एक निजी अस्पताल मे इलाज चलि रहल अछि। पुलिस मामिलाक जाँच कऽ रहल अछि।

———————————————————————————

समाप्त